# Ирон æвзаджы тъест

**Бафæрсут текст:**

**Нарты кадджытæ**
**Батрадз уæйыджы цонг куыд ратыдта.**

Йæ фыды туг куы райста Батрадз, уæд ацыдис йæ фыды æрдхордмæ арвы кæронмæ. Уæд уыцы афон иу уæйыг йæ мады нал уадзы:

– Тыхагуыр ацæуын мæ фæнды Нарты адæммæ, цы бакæнон?

– Ма кæн, мæ лæппу, исты фыдбылызы бахаудзынæ – зæгъы мад.

Нæ бакоммæ касдис уайыг. Уыцы афон Нарты Стыр фæзы цыдис симд. Уайыг дæр симдмæ бацыдис. Симы æмæ куы иуы цонг ратоны, куы иннæйы. Ныссастытæ кодта Нарты фæссивæды. Цыма бакодтайккой Нарты адæм, уымæн ницыуал хъуыды кодтой. Уæд иу зæрватыкк, зæгъы, атахдис æмæ Батрадз цы хæдзары уыд, уый фæрссагæй бадзырдта:

– Цы ми кæныс Батрадз, уæ фассивæды уын уæйыг уæнгсæстытæ куы ныкодта!

Батрадз бабадтис йæ аласайыл æмæ Нарты Хъазæн фæзмæ ссыдис. Уайыг сеппæты уæнгтæ дæр куы ныссаста, уæд дзуры.

– Чима асимдзæн, рацæуæд!

– Æз асимдзынæн, зæгъгъæ, йæм Батрадз дзуры. Уайыджы цонгыл æрхæцыд. Чысыл, зæгъы, куы асимдтой, уæд уæйыг схæцыдис Батрадзы цонгыл, фæлæ уый змæлын дæр нæ фæкодта. Батрадз рамæсты, ратыдта уæйыджы цонг æмæ йынæй иннæ кухмæ радта.

(2) **1. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Кæцы жанры уæцмысмæ хауы Нарты Кадджытæ?*

а) трагедимæ.

б) прозæмæ.

в) эпосмæ.

(2) **2. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цы ми бакодта уайыг Нарты фассивæдæн?*

.........................................................................................................................................................................

.........................................................................................................................................................................

(2) **3. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цы бадзырдта зæрватыкк Батрадзмæ?*

.........................................................................................................................................................................

.........................................................................................................................................................................

(2) **4. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цы йын сараста Батрадз уæйыгæн?*

.........................................................................................................................................................................

.........................................................................................................................................................................

**Бафæрсут текст:**

**Стæйы цармдарæг**

Иу – цы бафæнда хуыцауы, уый æрцæудзæнис æххæстй,
Мæн цы нæ фæнды, цы фæнды – уыдон дзæгъæлы ныхæстæ.
Дуне талынг у, куыд фена лæг рæсугъд амонд йæ цæстæй:
Дурынæн цы уæ йæ мидæг, уый дзы ракæлдзæн æрмæстдæр.

(2) **5. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи у автор ацы поэмайы?*

а) Илья Чавчавадзе.

б) Шота Руставели.

в) Хетæккаты Къоста.

(4) **6.** *Ссарут æмæ рафыссут ацы текстæй афоризм:*

……………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………

**Бафæрсут текст:**

**Хетæгкаты Къоста**

**Дзæбидырдзуан**

Уайтагъддæр цуанонтæ схæццæ сты æмбрдгæнæн ранмæ. Иу чысыл фæз, къæдзæхæн йæ тæкка сæрмæ, уыд сæ хуыздæр фæлладуадзæн. Уым иу кодтой цуаны фæндтæ. Уырдæм – иу æрхастой сырдты мæрдтæ, ыскодтой – иу арт, фыхтой – иу физонджытæ. Зарыдысты хуыздæр зарджытæ æмæ – иу бафынæйысты фæлладæй хорз минасы фæстæ.

“Йе, ныр чысыл нæ фæллад дæр æсуадзæм – хъæлдзæгæй зæгъгæ Тедо æмæ систа йе фцæгæй хызын æмæ топп – ныр нæхимæ стæм”. Цуанонтæ тымбылæй æсбадтысты æмæ райдыдтой аходæн хæрын. Алкæмæсæ уыд хоры кæрдзынтæ æмæ цæхх хызыны. Сабайæн ма ноджы уыд цыхты къæртт.

Сæумæ райсом хуры тынтæ сæнт сырх арт суагътой Сæнайы мигъджын хохы цъуппыл. Хæхты хæрдмæ бырæгау зындысты райсомы мигъы бынæй. Сæрибарæй сау дардта Дайраны ком.

Тедо фæцæй хæстæг кодта йæ хъавæн бынатмæ. Цæхгæр хæрды æгæр фæцыд æмæ йæ æрлæууын хъуыд йæ улæфд суадзынмæ, хъримагыл æрæнцон кодта æмæ алырдæм акаст. Йæ рахиз фарс, чысыл уырдыджы, хызти дзæбидырты дзуг. Тедо йæ топп хæрдмæ систæ, фæлæ йæ уайтагъд фæстæмæ æруагъта, нæмыг не схаудтаит дзæбидыртæм. Ахъуыды кодта, кæцырдыгæй сæм бацыдæуа хæстæг. Фæндаг сæм ис, бæлвырдæй, дыууæ раныл. Уæллаг дарддæр у цуанонтæн, фæлæ уыцы фæндаг æфты æгæр тасран лæбырдмæ…

– Йе, ницы кæны, – тагъдгомау ысдзырта Тедо æмæ фæраст дæллагыл.

(2) **7. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Кæм æмбырд кодтой цуанонтæ?*

…………………………………………………………………………………………………………………………

…………………………………………………………………………………………………………………………

(2) **8. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Кæм хизынц дзæбидырты дзуг?*

…………………………………………………………………………………………………………………………

…………………………………………………………………………………………………………………………

(2) **9. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Кæцы фæндагыл ацыдис Тедо?*

…………………………………………………………………………………………………………………………

…………………………………………………………………………………………………………………………

Бафæрсут текст:

## Гæдиаты Секъа

### Мæ бæлас

Даумæ дзурын мæ бæлас,
Мæ цард æмæ мæ дарæг!
Фехъус, мæ хур, мæ ныхас,
Радзурон дын мæ зарæг.

Сæрды нтæф дæ куы судзы,
Зымæг ихау ныссæлыс,
Тæгъдызæй дыл фæрсудзы,
Цонг, къабазгай ызгъæлыс.

Иууыл деккой куы бадынц
Каркæй, цъиуæй, цæргæсæй,
Дæ бындзæфхад дын къахынц
Хуыйæ, бæхæй, хæргæфсæй,

Мæлдзыг дæр дыл ысхилы,
Уый дæр йæ тых æвзары,
Йæ сау бырынкъ ыстилы,
Дæу фыдæбонæй мары,

Æнцад лæуус гобийау,
Æппындæр сæм нæ дзурыс,
Куы бафсадынц къорийау,
Уæддæрсæ мызд нæ курыс…

(2) **10. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цы дзуры поэт бæласмæ?* Рафыссут:

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

(2) **11. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Поэт йæ хъуыдымæ гæсгæ бæласы хуызы кæмæ дзуры?*

……………………………………………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………………………………………

**Бафæрсут текст:**

**Джусойты Нафи**

**Не ‘взаг**

Куыд фæнды дзурæм, уæхæн, ахæм,
Уæддæр нæ уд лæууæн дæ махæн!
Дæ алы дзырд – пылыстæг рагъæн
Нæ уды рхъис, нæ туджы ртахæн!
Нæ хъуыдыйы бæрзонддæр рагъыл
Ды- хуры цæст! Кæныс цырæгъау,

Нæ дуне рухс! Фыдæлты аргъау!
Дæ фарн нæ сабитæм хæссы!
Дæ фæндаг, хуры тынау, даргъ у!
Куы цины цæлхъ дæ, куы – цæссыг!..

(2) **12. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Джусойты Нафи?*

а) ахуыргæнæг.
б) поэт.
в) кусæг.

(2) **13. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цæуыл цæуы дзырд æмдзæвгæйы?*

а) уарзондзинадыл.
б) ныфсытыл.
в) бæлиццытыл.

(2) **14. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Абайты Васо?*

а) дохтыр.
б) лингвист.
в) музыкант.

(2) **15. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Бестауты Георги?*

а) кафаг.

б) артист.

в) фыссæг.

(2) **16. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Чи уыд Тугъанты Махарбег?*

а) нывгæнæг.

б) акъадемик.

в) инжинер.

(2) **17. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цас дамгъæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 44.

б) 43.

в) 50.

(2) **18. Дзуапп раттут ацы фарстатæн:**

*Цас хъæлæсон дамгъætæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 9.

б) 7.

в) 5.

(2) **19. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

даргъ —.....................................

(2) **20. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

рухс —.......................................

(2) **21. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

чъизи —....................................

(2) **22. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

размæ —....................................

(2) **23. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

райсом —..................................

(2) **24. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

сау —.........................................

(2) **25. Кацы ныхас у ивгъуыд афоны?**

а) дзурын.

æз б) дзырдтон.

в) дзурдзынæн.

(2) **26. Кацы ныхас у ныркккон афоны?**

ды

а) хæрыс.
б) хордтай.
в) хæрдзына.

(2) **27. Кацы ныхас у Суинаг афоны?**

уый

а) цæуы.
б) цыди.
в) цæудзæн.

(2) **28. Кацы у раст дзуапп?**

мит

а) уары.
б) æгъзæлы.
в) кæлы.

**Адих кæнут дзырдтæ уæнгтыл:**

(2) **29.** дæлзæхгæнæг ......................................

(2) **30.** æмхæрæфырт ......................................